


# SHORT STORIES

BY ZEE SWETO

## ABOUT MY STORIES

***All stories are created by me and no characters ever existed. Its just a way of connecting social life with what is happening in our societies thereby entertaining the general public.***

Email: swetozee25@gmail.com
Phone: +971 543 312 447 / +263 774 997 917
Website: www.bhoconcept.com

# *Ma*..................DNA




Ainge ari mangwanani, nguva yeruvhunzavaeni, nyeredzi iya yemambakwedza ichinyatsodada zvayo nechaedza, apa ndaiita sendinorota izvo phone yaitorira katonekemaAndroid kaya.

Ndakapatika ndikabva
ndangoiti dzvamu ndichida kupresser answer button ndakaita mistake nehope wena kwakuti cancel. I then dialed the number and was received with great joy from my wife who was at Belvedere Martenity Hospital.

Kwanga kwazvarwa
kwamwana iniwo nemufaro handichagona. Handina kumbomirira kugeza ndakangopfeka
jean neTshirt yamadam ndiye mujagwa ndichicruzer zvangu ndichiridza hangu Tuku achiti nhasi ndezveduwo tiitei makorokoto.

Ndakasvikopinda
muchipatara kwakunanga straight kuMaternity ward. Manurse akange ondiziva since
ndakauya mazuva matatu apfuura madam zvichiramba until she was induced.
Ndakatomhoresa
vamwe vacho nekatsika zvikatonzi mhanya kumwana apo wodzoka wotimhorosa.
Ndichipinda
pane muface aitambidza madam mwana but akatokisa mwana kwakuti ndakuenda.

Nemufaro wandaive
nawo I didn't ask anything because ndaive ndatononokerwa. Ndakatora mwana ndikasekerera ndikati kiss kuna mai vacho. Ivowo nemufaro kwakutanga kutora mapikicha.

Ndaingonzwa kuti krrrrr keche krrrrr keche tichipinda mugaba. I didn't waste time because aisava mwana wekutanga ndewechi 2. Ndakabva ndangoti since kari kaboys rega ndipe zita.

Madam vakati ndinoda kuti anzi David saka ndakazovati renyu nderechi2 rangu ndiro first name randamu- pa. Paface pavo pakaratidza kusanyanyofara asi sevanhu vaifara ndakangodhlira voroyi mukunyarara.

Ndakazotora phone kwakuchitanga kukanda mwana pamasai sai,  pafacebook nekuwhatsapp. Haaaa mamessage akatanga kudira.

Vamwe vaiti ..chimunhui.... vamwe hona kusimba vamwewo voti haaa mhino iyo ndeyako, kuzoti
madam manje hanzi haaa uyu haana kufanana newe akafanana neni.

Tezvara vakati handingasariri ndokuti mukwasha wakazvizvara apa. My first born kamusikana kakati nhai daddy akafanana nani.  Mufaro wangu
waive pano apa apa ehee ipapo, paya pekuti kana uchifamba unoona seurikufambira mumhepo, unoona sekuti vanhu vakatsamwa vanorwara or havasi kuziva zvikuitika.

Mazuva aifamba apa chisikana chichikura wena. Chaive chakasimba nekuti mukaka chaimwa chichiguta plus ndaitengawo zvinonaka zvevana. 1 year, 2 years hapano rechi3 gore ndakati ndoda kumboita madanha paBirthday rake.

Ndakarironga neshamwari dzangu tikati todoita chiri chiSurprise mai vacho must not know saka chikafu chichabikirwa kumba kwaasahwira. Musi webirthday wakasvika ndikabvunza program yamadam zvikanzi ndoda kunogadzirwa musoro kutown then will call you mouya muchinditora. Saka kuti deal rangu ribude mwana aifanira kusara but she insisted kuti mwana varikuenda naye ndikati its fine.

Apa kwaasahwira zvese bhoo vanhu varikutomhanya mhanya.Ndakazofonerwa kuma to 7 zvikanzi huyai mutitore apa ndakaswera ndichifona phone isingapinde ndaingoti maybe magetsi anonetsa aya. Ndakanovatora mutown kwakurova mota ndakananga kwasahwira. Ndakasvika vamwe vanhu vatoenda but vamwe vaiveko.

Everyone was quiet inside the house and as I knocked and opened the door we were received with that hude....SURPRISEEEEEE. Vamwe vachitora mwana vachifara iniwo ndichifara madam was shocked.

Vakazoti ko phone yangu iripi nditorewo maphoto, she realized vaisiya kumota so she asked me kunoitora. Ndakatosvikawo phone ichi ringer ndikatarisa yakanyorwa kuti Baba Nyasha apa ndiro zita refirst born yangu kuti Nyasha.

Ndakaideera ndakutambirwanekunzi ndeipi love, wafamba bhoo here? Ini aaaaah ko ndeipi iyi. Ndakabva ndapindura kwakundikata anzwa voice rechirume. Ndakazoona mawhatsapp message ainge atumirwa kwakuona chisionekwe humhandara hwaamai.



According to the chats nemuface uyu vana vese ava havasi vangu but semurume ndakazvishingisa ndikanovapa phone yavo and never said a word. Takafara madrinks mabhodhoro achimwiwa haikona iwee kusvika kwayedza kuze kuti hweeeee tichimwa hwechirungu isu magrade 7 madoctor vakati vavavava vachiita kuhurangarira.

Ndakaita 2weeks no question kuna madam but ndaivaona kuti vaive nemibvunzo but kuti vozvitangasei paitova neguva pasi. Ndakazongoti Friday I'm  off saka utorewo off timboenda kumafuramhepoizvo mupfungwa ndaive ndatogaya kuti tibaye kumaDNA.Ndakarova motaFriday around 10am ndakananga Eastly kuGlobal DNA Zimbabwe iyi yadai kuitamukurumbira nekuunza kusuwa kune vanonyepa.

Ndaingobvunzwa along the way kutiko matirongerei nhasi ini ndaingoti don't worry swty. NdakazongorovakaLeft turn kanenge kemufirimu ndiye pindikiti panzvimbo. Vachiona izvi madamvakangonditarisa zvikanzi kwakanaka here ndikangodeerawo kuti eeeeh. Since I hadbooked this appointment hatina kutora time vakatora maSamples edu tese nevanathen I drove to Chinhoyi Caves kuti timbofara.Imbopagaya kutimadam mumoyo vaifungei or inini wacho ndaifungei. Ini ndaitoomurudo zvekutidhuuu maHugs, Love nemalikes ndaiita kumwaya kuchidikohori change. By the wayndichihera saka unongoziva vana chihera kuti nezita remusha rainge ratochinjanerudo.

Anyway we enjoyed ourselves nevana then back home. Just after midnight madam vakamuka zvikanzi ndokumbirawo titaure, why taenda for DNA, are you doubting the partenity of your children. Ndikati easy Bbe lets wait for the results. Ndakashurwa usiku uhu hamawee.

Ndakatukwa kuitwa kamwana. Ndakaudzwa zvedzinza rese but ndakazongosimuka and akagaya ndirikuda kumurova but ndakangobuda mumba kwakurova mota ndakananga tonaz ndikati handishaye pekutandara ndichiriva hangu wise waters with a golden taste. Takamboita zvimazuva wena takanyarararidzana kusvika kafirst born kangu kazobvunza kuti daddy sei musirikutaura namama or kuseka zvamunogara muchiita. I then realized kuti paita error apa. So I apologized to my kids and told them basa ndorangarakandiwandira saka kuneta. I said this just to make them not suspect anything more.

Call yakazopinda ndiripamaweks kuti maresults aitabhoo. Na12.30 ndakabva ndamhanya kunotora madam pabasa pavo kuti tiende. Akamboda kuramba but ndakangosoftawo if you know you know, pakatobuda pizza ipapo. Ndisu hedu paGlobal DNA, we were led to one office where we met the serious man vamunongoonawo paTilder paya vanoitwa vaMugabe. In front of him was a file rine maEnvelope hobho so we introduced ourselves then he pulled a khakhi sealed envelope.

He then opened it and looked at me twice and he twisted his head to look at my beautiful wife then vakaita kakukosora sooo. He continued…. "Accordding to the test conducted here, our results show that the alledged father is excluded as the biological father of the 2 children, muchishona baba ava havasiri ivo baba vevana ava." I looked at my wife and all she said was hanty ndozvawaida here.

He gave us the certificate of results and I walked 2 steps then I realized simba hapachina. I politely asked vaMugabe to call a friend to come pick me up. I left the car there and my friend picked us with my wife.  Muchato watoparara apa, hapana hapana musandisimbise henyu. I went back to the office but couldn't make it up the stairs. I remember ndakazomukira kuchipatara after 2 days ndopandakatanga kuchiziva zvaiitika.

I was feeling better now, and one counsellor attended to me in the afternoon. 3 days later I was discharged. My friend took me home and the door was not locked asi imba was empty amai varova pasi wena. Kwakaendwa hameno.

Ndakabva ndapinza runhare, and guess what kutodeerwa nemuface zvikanzi wangu wakaita basa mhuri yangu yakauya, be strong and ndine urombo nezvakaitika but wamukomana now chitsvaka wako chaiye.....ndakangoseka kwakukata phone.

Yaaah life soooo ma1, izvozvi nditori pabus stop kutsvaka kombi kuti ndidzokere kunotora mota kwayakasara. Apa ndirikutogaya hangu pandainzi vana vakafanana newe paya kkkkkkk seka zvako wezhira, plus don't forget muface wandakawana achiona mwana kuBelvedere kaaaa inini i think ndivo baba vacho, but vakadzi tikagara gara mozoyeuchidzana kuti musazodaro.....

**Ndachema zvangu!!!!!!**

Rega ndinotora mota, 9 years kucheta vana vasiri vangu.

Ndomaperero atirikuita hama, luckily ndichine hutano and ndapakutsvaka bhebhi bhooo ndibate apa kana une rudo runondiita bho +263 774 415 36- ---dzimwe kana uriserious ramba uchiverenga nyaya pano uchadziwana.

.....THE END....

